

## АДÆМИ ХÆЦЦÆ ЦИ УАГÆЙ ДЗОРАЙ, ЕЦИ УАГÆЙ ДÆМÆ ЕТÆ ДÆР ДЗОРДЗÆНÆНЦÆ!..

***БАБОЧИТИ Руслан, Цæгат Иристони адæмон поэт: «Хидирти Ехйа... Еугур æстъалутæн не 'суй фадуат, сæ бон куд фæууй, уотæ иссодзунмæ, ирд æма æнхæстæй. Фал сæ еци хъор, сæ уоци гъæуæгтæ банхæст кæнунцæ, сæ фæстаг усмæ ку 'рцæуй, уæд – даргъ æма æрттевгæ фæд уадзгæй, цæхæртæ калгæ æма уацирохсгæнгæ, рахаунцæ бæрзондæй. Арв, ци фæууй, уомæй дууæ хатти ниррохсдæр уй. Е 'нæкæрондзийнадæ никки цæстахедгæдæр фестуй. Айдагъ еунæг еци усми туххæй дæр цæрун æмбæлуй. Цъилинга цæфст фæккæнуни бæсти еунæг пæрт искæнун æма фæуун хаирдæр æй... Мацæбæл фæффæсмон кæнæ, Ехйа...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№34 (954) 2024 анзи 14 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## ИМИСУНИ АККАГ АДÆЙМАГ ДЗИЛЛÆН ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ ИМИСУЙНАГ ФÆУУЙ!..

# «НАД КЪÆРТГÆНГÆЙ, ДЗИЛЛÆН ЗАР ХАСТОН...»



ХИДИРТИ Ехйа алæмæти æновуд кæбæл адтæй, æ еци райгурæн гъæу Лескен.

Хидирти Ехйа е 'мдзæвгитæй еуеми («Саухæдонæ») уотæ финста:

*Саухæдонæ ку стонуй Дигори,*
*Нæ фæууй уæд æ над лигъз будур,*
*Фæллæууй æ фæндагбæл мин дори,*
*Кæми ба 'й нийййауазуй къудур.*

Раст, цума, æхе цардвæндаги уавæрти кой кæнуй!.. Саухæдонæ ба, цийфæнди хъоргæнæнтæн дæр ниффæразгæй, æ размæцуди хабар æвæллайгæй кæнуй. Уотæ Ехйа дæр фæразонæй-фæразондæр разиндтæй. Æма æ еци æмдзæвгæн дæр уомæ гæсгæ искодта мæнæ ауæхæн кæронбæттæн:

*Æрхъæртуй еу афони будурмæ,*
*Уоди хуасæн раттуй ин æ дон.*
*Над къæртгæнгæй, уоййау, рагæй нурмæ,*
*Мæхуæдæг дæр дзиллæн зар хастон.*

Æма, æцæгæйдæр, Ехйа æ исфæлдистадæй рохс æма нифсдæттæг зар хаста нæ дзиллæн. Уомæ гæсгæ, кæд абони не 'хсæн нæбал æй, уæддæр æй зæрди арфæй имисæн. Уæлдайдæр ба аци бæнтти – нæ искурдиадæгин поэт æма публицист Хидирти Батæрбеги фурт Ехйай райгурдбæл 2 июли исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1934-1999). Уой фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн нæ газети абониккон номери 3-7-аг фæрстæбæл.

Уæдта ма уин уой дæр игъосун кæнæн, æма 17 сентябри ба Чиколай культури Галауани арæзт æрцæудзæнæй æ номерæн исфæлдистадон изæр. Райдайдзæнæй 14 сахаттебæл. Хонæн уæ еци арфиаг мадзалмæ!..

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ



### БИЙНОНТÆБÆЛ АУОДУНÆЙ ФИДИБÆСТÆ ДÆР ТУХГИНДÆР КÆНУЙ!..

Зундгонд куд æй, уотемæй аци анз Уæрæсей нимад цæуй бийнонти Анзбæл. Уомæ гæсгæ нæмæ арæзт цæуй бийнонти цитгинæнæг берæ аллихузон мадзæлттæ. Уонæй еу иссæй еума æхцæуæн хабар – Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путин** æрæги нæ бæсти Хецауадæн бафæдзахста, цæмæй аци анзи 1 декабри уæнгæ бакосонцæ берæсувæллонгин бийнонтæн æхцайæй аллианзон агъазкæнуйнади фарстабæл æма æнхæстгонд цæуа бийнонти, уарзондзийнади æма еузæрдиуондзийнади Бонмæ (аци бæрæгбон Уæрæсей 2008 анзæй фæстæмæ алли анз дæр бæрæггонд цæуй 8 июли). Аци нæуæгдзийнади фæдбæл фæндæ фæззиндтæй, «Это у нас семейное», зæгъгæ, Еугуруæрæсеуон конкурси кæронбæттæнмæ рацæуæг бийнонти хæццæ Владимир Путини фембæлди рæстæг дзубандимæ гæсгæ.

Гъуддаг исаразун ихæсгонд æй нæ бæсти Хецауадæн, уой Сæрдар **Михаил Мишустин** ибæл æй комкоммæ дзуапдæттæг. Ци æма куд арæзт æрцæудзæнæй, уой фæдбæл гъæуама игъустгонд æрцæуа нæ бæсти Президентæн аци анз 1 декабри.

* * *

Нур ба уин ракæнуйнаг ан, нæ республики бийнонтæбæл ауодундзийнади нисанеуæгæй ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уой фæдбæл хабæрттæ.

Æртæ анземæй кæстæр сувæллæнттæ кæми цæрунцæ, астсæдæ уæхæн цæгатиристойнаг бийнонтæ нийййерæги капитали фæрæзнитæй феддонтæ есунцæ. Анзи райдайæнæй нурмæ Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ социалон агъази амунд хузæн радех кодта 78 миллион соми. Уой фæдбæл хайади разамонæг **Тæболти Сергей** уотæ зæгъуй:

2

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Адæм ку исæстонг унцæ, айдагъдæр уæд ку хуæриуонцæ, уæдта хумæтæги кæдзос æма æнæсахъат хуæруйнæгтæй ку цæриуонцæ, уæд сæмæ незтæ æмгæрон дæр нæ цæиуонцæ, сæ монцтæ уорамун дæр син æнцондæр уидæ...» Уогæ царди медæгæ алцидæр уотæ бæргæ 'й – алцæмæй дæр бæрцæ зонун...***

## СОЦИАЛОН ХАБÆРТТÆ

### ÆНГЪÆЛМÆГÆСÆГ ФÆЛЛАЙГÆ НÆ КÆНУЙ

Адæмæн сæ социалон уавæртæ цæйбæрцæбæл сагъæссаг æнцæ, уомæн ирд æвдесæн æй, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити уой фæдбæл аллихузон æрмæгутæ еудадзуг ке фæззиннуй, е дæр. Зæгъæн, газет «Советская Россия» куд игъосун кæнуй, утемæй дзиллон цæстингаси Фонди æрфарстмæ гæсгæ уæрæсейæгтæн айдагъдæр сæ 22% сæ материалон уавæртæ нимайунцæ хуарзбæл. Сæ 60% ба сæ цардиуагæ нимайунцæ æгуддæггомаубæл. Уæлдай нивгундæрбæл сæхе нимайунцæ – мæскуйæгтæ (36%). Сæ карæмæ гæсгæ нимайгæй ба сæхе неци гъæугæ хонунцæ 18-30 анзей уæнгæ кæбæл цæуй, уæхæнттæ. Бустæги æгудзæгбæл сæхе нимайунцæ, 60 анземæй уæлæмæ кæбæл цæуй, еци кари адæм, уæдта, 50 мин адæймагемæй минкъийдæр ци сахартæ æма гъæути ес, уонæми цæргутæ.

Царди исконд утæ 'й, æма адæймаг цийфæнди тухст уавæрти ку бахауа, уæддæр гъæуама ма истуса, хуæздæр исонибонбæл æ зæрдæ дара. Ка 'й зонуй, кæмæндæрти нифсдæттæг фæуууодзæнæй, æрæги «Российская газета»-ци хабар фегъосун кодта, е дæр.

Цæветтонгæ, Уæрæсей экономикон ирæзти министрадæ куд фегъосун кодта, уомæ гæсгæ аци анз кустбæл федуни мизди бæрцæ 9,2% фæффулдæр уодзæнæй. Фæстаг æнзти уотæ бæрзондмæ некæдма исхизтæй еци бæрæггæнæн.

Аци анз адæми æфтуйæгтæ фæббæрзонддæр уодзæнæнцæ 7% бæрцæ, 2025 анзи – никкидæр ма 6,1%, 2027 анзи ба 3,4%. Уой хæццæ ба ма, кусти равгитæ кæмæн нæййес, еци адæми нимæдзæ гъæуама исуа тæккæ минкъийдæр– 2,6% хæстæгдæр æнзти дæргъи, 2023 анзи еци бæрæггæнæн адтæй 3,2% уæнгæ.

* * *

Кусти фæдбæл феддонтæ ке фæфффулдæр уодзæнæнцæ, е бæргæ хуарз æй. Фал... Аци хабармæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй рагон игъæлдзæг дзубанди. Еу зæронд гурдзиаг лæги бафарстонцæ, гъома, коммунизммæ ке цæуæн, уой фæдбæл ци гъуди кæнуй, зæгъгæ. Е нийнæфтæй æма загъта:

– Е бæргæ хуарз æй, фал си махæн, фæсхонх цæрæг адæмæн, неци пайда ес.

– Цæмæннæ?

– Мæскуйæй уотæ ку игъосун кæнунцæ: «Коммунизм не за горами…» Гъома, махмæ не 'рбахъæртдзæнæй.

Мизди бæрцитæ фулдæр кæнуни гъуддаг дæр фулдæр хæттити уотæ рауайуй: федералон бюджетæй кæмæн федунцæ, уонæн æцæгæйдæр фæффулдæр унцæ, бюнæттон бюджетти евгед ка 'й, етæ ба фулдæр хæттити фæффудевгед унцæ, еци бюджетти æхца утемæйдæр нæ фагæ кæнуй...

Никки ба ма еу гъуддаг. Уæрæсей статистикон управлений бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, аци анз 1 августи уæнгæ, нæ бæсти косгутæн 472,4 миллион сомей бæрцæ мизд фист не 'рцудæй. Июли хæццæ рабаргæй, еци нимæдзæ фæффулдæр æй 30,7 процентти. Уонæн сæ 45% фист не 'рцудæнцæ аци анз, иннетæ ба исæвзурдæнцæ 2023 анзи (22,4%), кенæ 2022 æма уой размæ æнзти (32,6%).

***Рафæлгæст бацæттæ кодта***
***ГÆТИЙТИ Светланæ.***

## ХЕЦАУДЗИЙНАДÆ ÆМА ÆХСÆНАДÆ




# ÆМУСХЪÆ ÆНГОМ ÆРЛÆУГÆЙ ЦАРДГЪОН УОДЗИНАН!..

Æрæги Цæгат Иристон кустадон балций бабæрæг кодта Уæрæсей гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг **Аннæ Цивилева**. Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** хæццæ ин ци дувæрсуг фембæлд адтæй, уой рæстæг уæлдай бæлвурдæй æрдзубанди кодтонцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн, æма уоми архайæг ветерантæн, уоми се 'фсæддон ихæс æнхæстгæнгæй си ка фæммард æй, уони бийнонтæн социалон агъаз кæнуни фарстатæбæл.

Аннæ Цивилевайæн ма Уæрæсей фонд «Фæдибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи нæ республики ци хайадæ ес, уоми адтæй фембæлд тугъдон цаути ветеранти сæрмагонд æфсæддон операций архайгути бийнойнæгти, «Беслæни мадтæлти»-йи хæццæ.

Архайдтонцæ ма си Цæгат Иристони хецауади сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ** æма «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи фонди Цæгат Иристони хайади сæрдар **Хæтæгти Маринæ**.

Аннæ Цивилева фембæлди райдайæни куд загъта, утемæй, Цæгат Иристонмæ иссæугæй, зæрдæ еуæрдигæй цийнæдзийнадæй байдзаг уй, иннердигæй ба – æрхæндæгæй. Æ загъд ба уæхæн адтæй, Беслæни 1-аг скъола бабæрæг кæнгæй, цæбæлти фæссагъæс кодта, уомæ гæсгæ Аннæ Евгенийи кизгæ зæрдхъурмæй дзурдта, еци æверхъаудзийнадæ æносон ристæй ке асдзæгъддзæнæй рæстзæрдæ адæмти зæрдити. Фал цард цард æй, æ идарддæри цуди кой кæнуй, æма гъæуама зæрдæй федар разиннæн, нæ размæцудæн нин ци ихæстæ æнхæсткæнуйнаг æнцæ, уонæбæл æмвæндæй косæн, цæмæй нæ цардарæзт æдасдæр æма фæрнæйдзагдæр уа.

Сæрмагонд æфсæддон операций хæццæ фарстатæбæл дзоргæй, нæ бæсти гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг загъта:

– Махмæ берæ ес нæ доги бæгъатæртæ, етæ абони удуйæлдайæй нæ Фидибæсти сæрбæлтау тох кæнунцæ не 'знæгти нихмæ. Кадæртæ си сæ цард иснивонд кодтонцæ, се 'фсæддон ихæстæ æнхæст кæнгæй. Уонæн сæ бийнонтæ райзадæнцæ седзæртæй. Уомæ гæсгæ ба гъæуама нæ еугур хъæуритæй дæр архайæн еци бийнонтæмæ нæ усхъæ бадарунбæл, ци гæнæн æма амал ес, уомæй син агъаз кæнунбæл. Уæхæн фæткæ – кæрæдзебæл æновуд ун æма кæрæдзебæл ауодун – нин абони ахсгиагæй-ахсгиагдæр æй, уомæн æма айдагъдæр уотемæйти уодзæнæй нæ еумæйаг бæстæн æ бон размæ æнтæстгинæй цæун.

Фембæлди Аннæ Цивилева зæрдтагонæй фæдздзубанди кодта еугонд «Беслæни мадтæлтæ»-йи минæвæртти хæццæ дæр. Еумæ 'ркастæнцæ, ци берæ фарстатæ сæмæ æрæмбурд æй, уони ци мадзæлттæй ес исæнхæстгæнæн, уомæ.

***Æрмæг бацæттæ кодта***
***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

## СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..






## АХСГИАГ ГЪУДДАГ

### БИЙНОНТÆБÆЛ АУОДУНÆЙ ФИДИБÆСТÆ ДÆР ТУХГИНДÆР КÆНУЙ!..

– Региони еу адæймагæн цæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти дууæхаттон бæрцæй дæлдæр рæстæмбес æфтуйаги хæццæ (гъома, ниййерæги фæллойнадон архайдмæ, кенæ есбонмæ æнæ уæлæнхасæн домæнтæй мæйæмæ адæймагæн 27 816 соми) бийнонтæн феддон исæвæрунцæ. Аци анз ниййерæги капитали фæрæзнитæй аллимæйон феддон бæрцæ æй нæ республики сувæллонæн фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзти бæрцæ, гъома, 13 941 соми.

Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнæн: фарæй фæстæмæ бийнонтæн ес æртæ анземæй кæстæр алли сувæллонæн дæр ниййерæги капиталæй аллимæйон феддонæн гæгъæдитæ исаразуни барæ (уой размæ ба амунд гæгъæдитæ аразтонцæ айдагъдæр дуккаг сувæллонæн). Бийнонтæ сувæллони райгурди мæйæй фæстæмæ феддон цæмæй есонцæ, уой туххæй сæ гъæуй нæуæг сабийи райгурди мæйæй анзи æрдæги æмгъудмæ курдиадæ барветун.

Бийнонтæн сæ бон æй аллимæйон феддон есуни фæдбæл курдиадæ портал «Госуслуги»-йи, кенæ бæсти Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади клиентон службити, кенæдта берæкъабазгин центри комкоммæ угæй барветун. Ахид мади ихæс фæууй айдагъдæр курдиадæ барветун, Социалон фонди специалисттæ ба еугур гъæугæ бæрæггæнæнтæ райсдзæнæнцæ хуæдбарæй, ведомствити æмгустади фæткæмæ гæсгæ.

Феддони туххæй курдиадæмæ каст æрцæуй дæс косгæ боней æмгъудмæ. Аразий дзуапп раттуни фæсте бийнонтæн æхца барветунцæ фондз косгæ боней æмгъудмæ, фæстæдæр ба – феддон исæвæруни мæйи фæсте цæуæг мæйи фæндзæймаг бони. Феддони бон кæд фæлладуадзæн бонмæ, кенæ бæрæгбонмæ хауй, уæд æхца бафедунцæ бон раздæр.

Аллимæйон феддон исæвæрунцæ дууадæс мæйей æмгъудмæ. Феддон ци мæйæн исæвардтонцæ, мадæн ес æмгъуди еци фæстаг мæйæ феддон райсуни туххæй дуккаг курдиадæ барветуни барæ (сабийбæл цалинмæ æртæ анзи исæнхæст уа, уæдмæ).

Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт-центрмæ бадзорæн ес телефонæй: 8-800-100-00-01 (телефонæй бадзорæн ес лæвар). Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади линий кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ – 8 сахатти æма 30 минуттемæй ба 17 сахатти æма 30 минуттей уæнгæ, майрæнбони ба – 8 сахатти æма 30 минуттемæй ба 16 сахатти æма 30 минуттей уæнгæ.

***Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

**Уруссаг Императорон æфсади номдзуд балхон, инæлар-майор Мистулати Аслæнбеги фурт Елмæрзай райгурдбæл 16 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма авдинсæй анзи (1869-1918).**



ХИДИРТИ Батӕрбег ӕма Зурмӕхан сӕ цӕуӕти хӕццӕ (галеуӕрдигӕй рахесӕрдӕмӕ): Тӕйбӕт, Таисӕ (бадуй ӕ мади гъӕбеси), Рамазан (Бубужин), Джамал, Мӕхӕмӕт, Ехйа ба разӕй бадуй зӕнхӕбӕл.

# ӔЦӔГ ПОЭТ – РӔСТДЗИЙНАДӔБӔЛ ТОХГӔНӔГ



**БЕТРОЗТИ Майрӕн,**
журналист,
Ирӕфи райони ветеранти Совети сӕрдар

Иристони аййевадон литературӕбӕл ӕхцул кадӕриддӕр ӕй, уӕдта нӕ национ фингути киунугутӕ цӕстуарзонӕй ка кӕсуй, уӕлдайдӕр ба дигорон дзиллитӕ, етӕ, мӕнмӕ гӕсгӕ, ӕнӕ зонгӕ нӕ удозӕнӕнцӕ Хидирти Батӕрбеги фурт Ехйай ном – кадӕртӕ ин ӕхе комкоммӕ зудтонцӕ, кадӕртӕ ба ’й базудтонцӕ куд искурдиадӕгин поэт ӕма публицист, уотӕ. Ехйа райгурдӕй 1934 анзи 1 июни Иристони рӕсугъддӕр гъӕутӕй еу – Лескени. Гъомбӕл кодта кустуарзон, ӕгъдаубӕлхуӕст бийнонти ’хсӕн. Ниййергутӕ Батӕрбег ӕма Зурмӕхан (Ӕгъузарон) цийнӕ кодтонцӕ сӕ цӕуӕтбӕл, карнӕ син сӕ цардиуаги хабӕрттӕ сӕ зӕрди фӕндон аразунӕн равгитӕй неци бавгъау кодта, ӕма си бийнонтӕ арӕхстӕнцӕ тӕккӕ хуӕздӕр хузи ӕнхӕстӕй пайда кӕнунмӕ, ӕма, куд фӕззӕгъунцӕ, цард дӕр сӕмӕ ӕ медбилти худтӕй...

Бӕргӕ берӕ рӕсугъд бӕлдитӕ сӕмӕ адтӕй, фал сӕбӕл карнӕ, уой размӕ сӕбӕл уоййасӕбӕл рӕдау угӕй, фӕстӕдӕр ба цӕмӕдӕр гӕсгӕ бустӕги феннердӕмӕ ӕй, гъулӕггагӕн, гадзираххатӕй сӕбӕл рацудӕй. Хӕдзари хецау Батӕрбег кедӕр фудцъухи, ӕдзӕстуарзони бӕлахӕй репрессити азари бахаудтӕй. Кӕмӕн цума ци кодта, гъӕубӕсти медӕгӕ дӕнцӕн ке дардтонцӕ, адӕмӕн ма хуарздзийнадӕй ци ракӕнон, зӕгъгӕ, ӕхе ка гъардта, еци рӕстзӕрдӕ адӕймаг?.. Ӕ лӕгигъӕди, ӕ берӕ зонундзийнӕдти, ӕ удуӕлдай фӕллойни фӕрци ци арфиаг гъуддӕгутӕ исаразта, уони абони дӕр ма рӕстзӕрдӕ дзиллӕ хъӕбӕр бозӕй имисунцӕ. Еци гъуддӕгутӕн сӕ сӕйрагдӕртӕй адтӕнцӕ, гъӕубӕсти рӕбун зӕнхити ци дессаги рӕзбунтӕ исаразта, етӕ. Уой, абони уӕдиккон фӕлтӕртӕй ма цардӕгас ка ’й, етӕ ма дзӕбӕх гъуди кӕнунцӕ, уони имисуйнӕгтӕй ба хабӕрттӕ хуарз зонунцӕ кӕстӕрдӕр фӕлтӕртӕ дӕр. Батӕрбеги ӕ еци хъӕппӕреси тухххӕй дуккаг Мичурин дӕр хумӕтӕги нӕ рахудтонцӕ ӕ уарзон гъӕубӕстӕ...

Ехйа ӕфсӕдгӕ дӕр нӕ бакодта ӕ фиди рӕвдудӕй... Нӕ зонун, ӕхуӕдӕг ӕ зӕрдӕбӕл бадардта, ӕви ’й хестӕрти дзубандитӕмӕ гӕсгӕ багъуди кодта, фал хаттӕй-хатт ӕримисидӕ, ӕдеугур ибӕл ӕртӕ анзи цудӕй, Батӕрбеги ку нииййахстонцӕ, уӕд... Хъиамӕтгун фидӕ, ӕвӕдзи, лӕдӕрдтӕй, ӕ бийнонтӕ ке нӕбал фӕууиндзӕнӕй, уой, ӕма сӕ цӕрӕнбунати тургъӕй ӕй ку ракодтонцӕ ӕ ахӕсгутӕ, уӕд, Ехйа ӕхуӕдӕг куд дзоридӕ, утемӕй ӕй ӕ фидӕ ӕ гъӕбесмӕ фелваста, ӕ хъури ’й ракӕнгӕй, уӕдта ’й сабургай зӕнхӕмӕ ӕриста... Ӕримисидӕ уой дӕр, Батӕрбег ӕ бийнойнаг Зурмӕханӕн зӕрдитӕ куд ӕвардта:«Мӕ рӕстдзийнадӕ мин исбӕрӕг кӕндзӕнӕнцӕ, ӕнӕмӕнгӕ, тагъд мӕ хӕдзарӕмӕ ӕрбаздӕхдзӕнӕн...» Фал, гъулӕггагӕн, не ’сӕнхӕст ӕнцӕ устур бийнонти хецауи зӕрдӕвӕрдтитӕ.

Цуппар фурти ӕма дууӕ кизги байзадӕнцӕ мади евгед. Хъӕбӕр зин адтӕй Зурмӕханӕн бийнонтӕ дарун, фал хеуӕнтти фӕрци, Батӕрбеги хуарздзийнӕдтӕ ка гъуди кодта, етӕ ин агъаз кодтонцӕ сӕ бон цӕмӕй адтӕй, уомӕй. Уӕлдай зиндӕр ба адтӕй Устур Фидибӕстон тугъди рӕстӕг, уӕлдайдӕр ба 1942 анзи, немуцаг-фашистон ӕрбалӕборгутӕ Лескенмӕ ку ӕрбайервазтӕнцӕ ӕма си хецауеуӕг кӕнунмӕ ку февналдтонцӕ, уӕд. Знагӕй гъӕубӕстӕ сӕ уод истонцӕ ӕд устур, ӕд минкъий... Хуарз ӕма сӕ Сурх Ӕфсад хъӕбӕр цубур рӕстӕгмӕ фӕссурдтонцӕ Цӕгат Иристони зӕнхӕй, еци хъилмайӕй фӕййервазтӕй Лескен дӕр.

Хидирти Ехйа 1951 анзи каст фӕцӕй ӕ райгурӕн гъӕуи астӕуккаг скъола хъӕбӕр хуарз бӕрӕггӕнӕнти хӕццӕ. Ӕ нифс бахаста скъолай фӕсте Мӕскуй Михаил Ломоносови номбӕл паддзахадон университетмӕ бацӕунмӕ. Уотӕ рауадӕй, ӕма уӕд устур сахармӕ, еци ахургӕнӕндони ахурмӕ цудӕй Цӕгат Иристони обкоми уӕди фиццаг секретарь Хъулати Хъубадий кизгӕ дӕр. Ӕма е, ӕ кизги фӕндараст кӕнгӕй, вагзали ку ӕрӕстӕфидӕ Ехйай, уӕлдайдӕр ба ӕ уӕле ци ӕмпъузтитӕ бӕмпӕггин хӕлаф адтӕй, уомӕ гӕсгӕ. Хъубади, ӕвӕдзи, базудта, е дӕр ахур кӕнунмӕ ке нӕхстӕр кодта, уой, ӕма, ка ’й зонуй, ӕ сӕрмӕ ’й не ’рхаста, цӕмӕй утемӕй рандӕуа ӕ арфиаг балций. Уойсахат ин туканӕй ӕрбадавун кодта костюм ӕма лӕхъуӕнӕн ӕ уӕледарӕс уомӕй раййевун кодта. Гъе уӕд, ӕвдӕс анземӕ фиццаг хатт Ехйа ӕ уӕле искодта нӕуӕг дзаумӕуттӕ. Уой размӕ имӕ еудадзугдӕр ӕрхауиуонцӕ ӕ хестӕр ӕнсувӕрти хъӕппӕлтӕ, скъоламӕ дӕр зӕронд дзаумӕутти цудӕй. Ӕнӕ фидӕй ка байзадӕй, уони карнӕн ӕндӕр хузи уӕн нӕ адтӕй...

Мӕскуй ӕнтӕстгинӕй равардта фӕлварӕнтӕ, ӕма иссӕй философон факультети студент... Фал ӕ цийнӕ берӕ нӕ рахаста – ами дӕр ӕй исцурдтонцӕ, ӕ фидӕ ке фудӕй бастъалдӕй, уӕхӕн саузӕрдитӕ, уой дӕр нӕхердигӕнтти илгъаг цъухтӕ. Етӕ бацудӕнцӕ ректормӕ ӕма ин загътонцӕ:

– Адӕми знаги фурт куд гъӕуама ахур кӕна философий дӕсниадӕбӕл?..»

Ӕма уӕд Хидири-фуртмӕ фӕддзурдта уорсзакъӕгин профессор ӕма ин загъта:

– Гъӕуама дӕ мах рацох кӕнӕн университетӕй, фал дзӕбӕх ахур кӕнис, коммӕгӕс дӕ, ӕхсӕнадон кусти разӕнгардӕй архайӕг ке дӕ, уомӕ гӕсгӕ ба дӕ раййевдзинан филологон факультетмӕ...

Ӕма сӕ дзурд исӕнхӕст кодтонцӕ. Ехйа ба ӕ хуӕрзгӕнгути дӕр нӕ фӕффудевгед кодта, уӕдта ӕ нихмӕ архайгути фудӕнӕн дӕр равдиста устур хъаурӕ ӕма нифс – Мӕскуй университет каст фӕцӕй сурх дипломи хӕццӕ.

Уӕдмӕ ралӕудтӕй рӕстагдӕр рӕстӕгутӕ, ӕма ӕвудӕй ахӕст Хидирти Батӕрбег растгонд ӕрцудӕй. Ӕ фурт Ехйа дӕр уӕдмӕ каст фӕцӕй университет ӕма ӕригон специалистӕй ӕ райгурӕн гъӕумӕ исӕздахтӕй. Косун райдӕдта ами совхози фӕскомцӕдесон организаций секретарӕй, тагъд рӕстӕгмӕ ба, куд арӕхстгин организатор, уотӕ ’й исӕвзурстонцӕ фӕскомцӕдеси Ирӕфи райкоми секретарӕй. Фӕстӕдӕр ӕ цардвӕндаги хабӕрттӕ уотӕ рауадӕнцӕ, ӕма косун райдӕдта Лескени гъӕуи скъолай ахургӕнӕгӕй, уой хӕццӕ ба ма разамунд лӕвардта ами изӕйрон скъолайӕн. Ахургӕнӕги куст дӕр бӕргӕ берӕ уарзта, уӕдта ’й ӕнхӕст кодта хъӕбӕр ӕнтӕстгинӕй. Фал уӕддӕр ӕ зӕрдӕ ба фулдӕр дзурдта исфӕлдистадон кустмӕ, финста алцӕмӕй дӕр ӕнхӕст ӕмдзӕвгитӕ дигорон ӕвзагбӕл. Уомӕ гӕсгӕ ба неке бадес кодта, Ирӕфи райони газет «Ленинон»-и косун ку байдӕдта, уӕд. Уомӕн ӕма ’й зудтонцӕ, аййевадон литературӕбӕл, уӕлдайдӕр ба поэзибӕл куд ӕхцул адтӕй ӕ минкъийӕй фӕстӕмӕ. Уарзун ба ин ӕй бакодта ӕ фиди ’нсувӕр Хидирти Сулейман, гъулӕггагӕн, тугъди будурӕй нӕбал исӕздахтӕй. Хидири-фуртӕн ӕ фиццаг ӕмдзӕвгитӕ мухургонд ӕрцудӕнцӕ, райдайӕн скъолай ма ку ахур кодта, уӕд.

Ехйа, ӕ райгурцӕй адтӕй хъӕбӕр фӕлмӕнзӕрдӕ, адӕмуарзон, ӕ ниййергути хузӕн хуӕрзӕгъдаубӕл хуӕст, адӕми цийнӕбӕл цийнӕ кодта, сӕ хъоцбӕл син хъонц кодта... Фӕстӕдӕр, царди тумугъи ку бацудӕй, ӕмбӕлун ибӕл ку райдӕдтонцӕ хийнӕдзийнӕдтӕ, дудзӕсгон адӕм, уӕддӕр ин ӕнӕуинон адтӕнцӕ ӕнӕгъдау миутӕ, ӕдзӕстуарзонтӕ ин цӕлхдортӕ ӕ размӕ ӕвӕрун ку байдӕдтонцӕ, уӕд син нӕ удӕнстӕй, ӕргом исдзоридӕ сӕ нихмӕ:

*Ку адтайнӕ ӕз мӕ райгурцӕй къуру,*
*Нӕ зудтайнӕ куд цъес-цъес кӕнуй уру,*
*Не ’гъустайнӕ гъӕддаг сирдтӕн сӕ неун,*
*Нӕ кодтайдӕ куййи рӕйун мӕн кеун.*

*Ку адтайнӕ ӕз мӕ райгурцӕй хъӕрӕу,*
*Цъеусори дӕр ӕнгъалдтайнӕ уӕд бӕлӕу,*
*Мудзура мӕмӕ кастайдӕ зелгӕ ухст,*
*Нӕ уидтайнӕ неке зин бон, неке тухст...*

Ехйа ӕгӕрон уарзтӕй уарзта ӕ мадӕлон дигорон ӕвзаг. Кӕд уруссаг ӕвзаг хъӕбӕр хуарз зудта, финсун дӕр ибӕл ӕ бон адтӕй, уӕддӕр финста кӕдзос дигорон ӕвзагбӕл. Цийфӕнди цӕстингасӕй каст ке цудӕй дигорон ӕвзагмӕ, сӕребарӕй финсӕн ибӕл ке нӕ адтӕй, уой фӕдбӕл хъурдохӕн кодта:

*...Мӕ ниййергутӕн сӕ циртмӕ*
*Ке ’взагӕй зӕгъон рохсаг?*
*Куд син зӕгъон дӕлсигитмӕ:*
*«Исхӕран мин ӕй уе ’взаг»!*

Ӕма цӕмӕй еци ӕнӕраст гъуддаг еуварсгонд ӕрцӕуа, дигорон ӕвзагмӕ хецауади ’рдигӕй гъӕугӕ хузи каст ӕрцӕуа, уой тухххӕй е ’мбӕлтти хӕццӕ берӕ фӕхъхъиамӕт кӕнгӕй, гъуддаг хуӕрзӕрдӕмӕ раййивта. Дуйней рохс фӕууидтонцӕ ӕма баргъонӕй сӕ рохситауӕн куст кӕнунцӕ республикон газет «Дигорӕ», журнал «Ирӕф», Паддзахадон Дигорон театр. Дигорон ӕвзаг аккаг, гъӕугӕ бунат ниййахӕста ӕхсӕнадон царди...

Хидирти Ехйайӕн ӕ исфӕлдистадон къӕбеци ӕмдзӕвгитӕ ӕма ӕндӕр литературон уадзимистӕ кӕд цалдӕр киунугей бӕрцӕ адтӕнцӕ, уӕддӕр ин си ӕ цардӕгасӕй е ’мдзӕвгитӕй кӕцидӕртӕ хаст ӕрцудӕнцӕ къуар поэттей еумӕйаг ӕмбурдгӕндти, кӕцитӕй еу хундтӕй «Уазай дӕлвӕзи». Хецӕн киунугӕй сӕ рауадзун ба ин бантӕстӕй айдагъдӕр 1987 анзи, хундтӕй «Есе».

Ӕ фӕсмӕрдӕ ӕ берӕ литературон бунтӕмӕ, гъулӕггагӕн, берӕ рӕстӕгути каст нӕ цудӕй. Хуарз ӕма ӕ киунугӕ «Есе» нӕуӕгӕй уагъд ӕрцудӕй 2019 анзи. Никки арфиагдӕр гъуддаг ба е иссӕй, ӕма ӕ аййевадон ӕма публицистон уадзимисти ӕнхӕстдӕр ӕмбурдгонд, хаст ӕма мӕ ӕрцудӕнцӕ ӕхе тухххӕй уацтӕ дӕр , утемӕй уагъд ӕрцудӕй 2020 анзи, хунуй «Цӕргӕси астъонӕ». Ку зӕгъун, е устур арфиаг гъуддӕг ӕй, уомӕн ӕма си алли кари адӕймаг дӕр иссердзӕнӕй ӕхе аккаг рӕнгъитӕ.

Хидирти Ехйа не ’хсӕнӕй цардгъӕуагӕй фӕцгъудӕй. Рохсаг уӕд. Ӕ рохсном ӕносмӕ цӕрдзӕнӕй ӕ уарзон хеуӕнтти, е ’мгъӕуккӕгти ӕма ӕ берӕ ӕрдхуӕрдти, аййевадӕуарзгути зӕрдити...

*Редакцийӕй: Хидирти Ехйай финст ӕмдзӕвгитӕ кӕсетӕ 4-5-аг фӕрстӕбӕл.*

Зундгонд поэт ӕма драматург Хъусати Ипполити фурт Дмитрийи райгурдбӕл 10 сентябри исӕнхӕст ӕй финддӕс ӕма ӕхсӕзинсӕй анзи (1889-1964).

***ИСАТИ Мæхæмæт (1928-2011), филологон наукити доктор, академик: «Æцæг поэт æмдзæвгитæ-уадзевзитæ айдагъ æхецæн нæ фæффинсуй. Гъæуама етæ «царди рацæуонцæ», æхсæнадæмæ сæ рахæссун фæгъæуй. Аци гъуддаги ба Ехйай нæдтæбæл алкæддæр тугулдортæ лæудтæй: еума хатт æй зæгъун, дигоронау ахид нæ мухур кодтонцæ литературон уадзимистæ. Зæгъæн, Хидирти Ехйайæн æ къохи***




# «Раст адæм, зæгъайтæ, ’ргом Ке уи нæ фæндуй хуарз ун?..»

***
Хатир никкæнæ, финсткæсæг,
Фал исуæлдай кæнæ рæстæг,
’Ма дин мæ загъд кæд нæй гъулæг,
Уæд финст бакæсæ лæмбунæг.

Миййаг, ку уа фæлмаст йе ’взаг,
Мурау ку не ’скæна зæлланг,
Гъудитæн к ’ уа рæдуд сæ уаг –
Хатир корун уæд, о зæнхаг!

Фал кæд дзорон дин æз æцæг,
Уæд уо мæ хæццæ æмдзæуæг.
Дзиллæн æ цийнæ ’ма æ маст
Æнцæ мæ зæрди æлхий баст.

Нур сæ мæ финсти ихалун,
Мæ цæстисугтæ æгъзалун,
Кæми мæ маст æма зинæй,
Кæми ме ’дзулди, мæ цийнæй.

Æй уомæ гæсгæ ба мæ зар
Кæми хор бон, кæми мæйдар.
Зæрдæй ниввардтон си мæ уод –
Адæмæн æй кæнун нивонд.



КУЧИТИ Аслæнбег «Бæлццæнттæ».

## ИРОН ПРОМЕТЕЙ

Фенкъусунмæ зæйти хуæнхти къохи
Фæгъгъæуй ма хатгай топпи гъæр,
Нæ мæгур адæми дæр сæ тохи
Фезмæлунмæ гъудæй лæги сæр.

Уæхæн лæг разиндтæй хуæнхти тари
Нæхе Къоста, адæмæн сæ фурт.
Бауагъта нæртон хъаурæ æ зарти,
Ирон фæндур фестадæй æ дзурд.

Иристони поэтти æ доги,
Зæрдтаг зартæй нимбарзта ’хсицгон,
Бони рохсæй и стъалути дзоги
Никкодта цума хор æ йауун.

Исиста тохи зар арви уæнгæ,
Фæуунгæй куд кæлуй ирон къæс,
Æ седзæргæс нийдайгæй гъарæнгæ
Никкæнуй лæги зæрдæ къæс-къæс.

Игъусуй нури уæнгæ æ зарти, –
Куд неуй фуд æлдар берæгъау,
Куд фицунцæ ’фхуæрд адæм уой арти.
Рæхистæй баст угæй, цагъарау.

Ци зин не ’взурста, ци, тохи карзи
Косæг адæми туххæй æ уод,
Фал уæддæр нæ гъудæй æй мин анзи
Уони ’ной хуæздæр цард, ’ма амонд.

Се ’знæгтæ ин сугътонцæ æ зартæ,
Сæ маргæй ин хастонцæ адзал.
Басæттунмæ ба ин и лæгмартæ
Гъе уæддæр не ’ссердтонцæ амал.

Прометейау е ба æ къабæзтæ,
Нæ адæмбæл нийтигъта итинг.
Равардта нин æ уод, о, нæ бæстæ,
Цæмæй ма ниххустайдæ нæ зинг.

## ЦÆМÆЙ САГЪÆССАГ ÆЙ ЦАРД

Ку нæ лæууй æгириддæр
Размæ ледзгæй нæ рæстæг,
Адæймагæн кæддæриддæр
Æ йадзал, гæнгæй, хæстæг!



ХИДИРТИ Ехйа æ райгурæн гъæуи скъолай ахурдзаутæн фиццаг дзæнгæрæги фæдбæл мадзали кæсуй æ финст æмдзæвгæ.

Е ’руорамун ба нæ равгæ
Ку н’ амонуй, ци кæнон! –
Æносон цард нæй æрдавгæ,
Ес райдайæн ’ма кæрон.

Фал уобæл нæй мæ гузавæ
Зонгæ гъуддаг æй адзал,
Æносмæ ’й дæхе ма давæ,
Адзалæн нæййес мадзал.

Æууелуй мæн æндæр сагъæс,
Æндæр мæтæй дæн æнкъард, –
Ку ан адзалæй æнæ сагъæс,
Сагъæссаг цæмæй уæд цард?!

Адзали уæнгæ ’стур нестæй
Адæймагæн ке ’й тæссаг,
Ке неци ес цардæй хестæр,
Гъеуомæй æй сагъæссаг!

## ГУЗАВÆ

Мæ зумæг æма мæ сæрдæ
Ниуудзгæй сæ фæд хæртау,
Исресуй куддæр мæ зæрдæ
Нидæн сугъд кæнгæй артау.

Æнаййеп цард нæй æрдавгæ,
Еугурæй номдзуд не ’ссан.
Уобæл æй æрмæст гузавæ,
Раст ке не ’ргъæвун нисан.

Зæрди фæндон Фидибæстæн
Некæд неци ’сдæн агъаз,
Ку ин фединæ е ’хæстæ,
Уомæ бæлгæй хъæбæр карз.

Æмгъуд кæнгæй æ хъиамæттæ
Нæ бафистон мæ мадæн,
Дзæгъæл æхст кæнун мæ фæттæ,
’Ма ми боз нæ ’нцæ адæм.

Боз нæ угæй мæ гъуддагæй,
Мæ хурфæмæ игъосун,
Фал мæ зæрдæ ци мæрдтаг æй,
Ку нæ уадзуй æ косун!

***
Раст адæм, зæгъайтæ, ’ргом
Ке уи нæ фæндуй хуарз ун?
Марди дæр гъæуй хуарз ном,
Хуарзи ном æз дæр уарзун.

Фал цæй фæдбæл ес, цума,
Уæхæн хуарз гъуддаг нæ тоги?
Еци бацеуи къума
Райгон фæгъгъæуй не ’взонги.

Æхе меднимæр алке
Лæдæруй, æвæдзи, уой:
Мед адæм цæрун зин ке ’й,
Ку нæ ди цæуа хуарз кой.

Уомæ гæсгæ адæймаг
Хуарз цардмæ бæлгæй æдзох
Ку иссеруй раст фæндаг,
Хуарз унбæл кæнуй уæд тох.

Афонæбæл æй адæм
Нæ балæдæргæй дзæбæх,
Нæ ин раттунцæ кадæн
Хуарзи ном се ’хсæн арæх.

Хуарзи ном æма хуарз ун,
Баст угæй, æнцæ хецæн.
Хуарз ун зин æй, ма ’й уарзун,
Ном ба уагътæ уæхецæн.

## МÆ РОХСАГГАГ ÆНСУВÆР МÆХÆМÆТÆН

Фæккодтай нæ мадæн лæдзæгеуæг
Æ седзæргæс надбæл бицщеуæй,
Нæ угæй дæ ауæдзи раййевæг
Ку фæххумæ кодтай дæ реуæй!

Де ’стур уæргъти хæццæ дзилли астæу
Догъи уайгæй рарвистай дæ цард.
Нур дæбæл, цæветтон, топп февваст æй,
Ку ракодтай уоййау æвваст мард!

Ниххезун куд бакумдтай сау циртмæ,
Никкæлгæй æнафони дæ цард?
Ку бахастай дæ хæццæ сигитмæ
Дæ берæ сагъæстæ, дæ фæллад!

Ку байзадан дзинаზгæ дæ циртмæ,
Куд нæбал бакодтай мах сагъæс?
Ку нæ хезис зæрдæй æгириддæр,
Дæ мард ни ку нæма ’й æругæс!

Дæ цæуæти туххæй устур зинтæ
Ку фæккодтай нурмæ дæхецæн,

***бафтудæй айдагъдæр дууæ минкъий киунуги мухури рауадзун: «Адæми фарнæ» (1981 анзи), «Есе» (1987 анзи), уæдта ма е 'мдзæвгитæ хаст æрцудæнцæ, «Уазай дæлфæзи», зæгъæ, цуппæрдæс поэтей еумæйаг æмбурдгондмæ. Куд зонун, уотемæй берæ къохфинститæ байзадæй поэтæн æнæ мухургондæй. Фал ка рацудæй, етæ дæр фагæ 'нцæ. Ехйайæн, куд финсæгæн, уотæ аккаг аргъ искæнунæн...»***



Куд дæ уорæдтонцæ уæд мæрсинтæ,
Фæди-фæдмæ кæнгæй си хецæн?

Ра-сæ уагътай фæрнæй царди тонхи,
Ис-сæ гъомбæл кодтай тухгин раст,
Куд ниууагътай сæ уæд нур иронхи,
Куд нæ син бахизтай сæ къæрц гъаст?

Куд бухсис нæ адæмбæл дæ цирти,
Дæ уод син ку нæ кодтай æвгъау.
Нурмикконау сæ цийнæ, сæ зинти
Куд нæбал син дæттис, куд, æгъдау?

Сæ кустаги син, цит, уод ку уагътай,
Ку игъустай уонæй дæр арфи дзурд,
Уæд æносмæ дæ куст куд ниуугътай,
Куд нæбал син дæ нур зæрингурд?

Куд хъиамæтгун лæг адтæ адæмбæл,
Куд син кодтай зæрдæй фуртеуæг.
Рабаргæй дин дæ уод удбарæнбæл,
Ку загъта дæ уæлмард уой еу лæг.

Бафистай царди уаги де 'хæстæ,
Ниууагътай дзилли 'хсæн кади ном,
Фæрристæнцæ дæубæл нæ гъæубæстæ
Имисуй дин дæ ном Дигоргом.

## АФОНÆ

Рæстæгбæл нæййес идонæ,
'Ма тæхуй мæ рæзти карз;
Алцæмæн ба ес афонæ,
Алци æ йафони – хуарз.

Ес дæр тасуй ес афони.
Саг ба рандæй æмгъудбæл,
Хуарз гъуддаг дæр æнафони
Нæ нимайун рæсугъдбæл.

Топпæй фехсгæй тæхгæ фатæн
Фæстæмæ 'здæхæн нæййес,
Мæ евгъуд царди ме 'фсардæн
Раййеваæн нур нæбал ес.



МÆРГЪИТИ Таймураз «Цмыти».

Ўорамунцæ нæ уорс хуæнхтæ
Къæйдор цæгиндзитæй арв,
Ниххизтæнцæ æд къæдзæхтæ
Мæнæн ба мæ зæрди арф.

Сослани 'нгурæ æ сæрти
Ку рагæлдзуй Дигоргом,
Хори тунтæн сæ лæгъзæрти
Уæд байгом уй арви ком.

Муди бæдмæнттау нæ гъæутæ –
Кустуарзон æма кадгин,
Фæрнæйдзагæй æд æгъдæуттæ –
Куд нæ уонцæ мин адгин!

Нæ хуарз адæм нæ хуæнхбæсти
Разиндтæнцæ цæугæ хонх,
Рæсугъд цардбæл мингай æнзти
Фæнзуйнаг иссæй сæ тонх.

О, мæ райгурæн хуæнхбæстæ,
Мæ уод дин кæнун нивонд.
Ку ди не 'фсæдуй мæ цæстæ,
Ку ди не 'скъунуй мæ уод!

## КИЗГАЙМÆ

Æй зæрдесгæ дæ бакаст,
Нæртон кизгау дæ хуæрзконд.
Бакодтон дæ зæрдтаг уарзт,
Ехх, ку уайсæ мæн амонд!

Дæу имисгæй мин нæййес
Кусти медæгæ фæллад,
Нæ хуссис ду дæр де 'фсес –
Нæ 'й дæ зæрдæ, нæ, æнцад.

Дзилли царди ивæрун
Æз ихæстæ мæхецæн.
Дæу сорæт нифсæн дарун,
Цæмæн ан гъе уæд хецæн?



КЕЛЕХСАТИ Магрез «Хуæнхбæсти».

Æмгъудгæнгæй, хори цæстæ
Афонæбæл æз не 'стæн.
Нæма бафистон ме 'хæстæ
Ма мадæ 'ма мæ Бæстæн.

Ци рæстæг ма ес мæ къохи,
Е кæнуй донау цæхъал.
Эх, ку уайдæ цардбæл тохи
Кадæ-радæй мæ адзал.

## НÆ ХУÆНХБÆСТÆ

Нæ хуæнхбæстæ мин Кавкази
Зæрин хорæн æй е 'рхъез,
Адгиндæр къум мин уой рази
Зæнхи цъарæбæл нæййес.

## НЕ 'ВЗАГ

Нæ рагæнттæ цардбæл тохи
Ку къæртт кодтонцæ фæндаг,
Зундау син уæд царди тонхи
Сæ удбæл хуæстæй не 'взаг.

Фæлтæргай æй мингай æнзти
Искодтонцæ хуæрз гъæздуг,
Бакодтонцæ 'й мах бæрнæхсти
Сæ фæсмæрдæ еудадзуг.

Недзамантæй ба мах уæнгæ
Ка 'рхъæртун кодта не 'взаг,
Еци фидтæлтæн се 'ууæнкæ
Куд фæссайон, мæ зæнхаг.

'Ма куд баййевон абони
Æндæр æвзагбæл не 'взаг,
Мæ минкъий фуртæн æ коми
Куд æрлух кæнон йе 'взаг.

Ме 'взонг цъæх кизгæн æ тоги
Куд нæ бауадзон не 'взаг?
Куд æй фæккæнон æ доги
Нæ адæмæй æскъуддзаг?!

Мæ нийййергутæн сæ цirтмæ
Ке 'взагæй зæгъон: – рохсаг?
Куд син зæгъон дæлсигитмæ:
«Исхæран мин æй уе 'взаг»!

Кенæ Къостай «Ирон фæндур»
Куд ниууадзон æни 'гон,
Куд нæ дарон мæ зæрдрæбун
Геуæргий «Ирæф» æнгом.

Гъе уотæ кæнгæй, тæрхæнттæ
Кæбæл дæн æз зæрдихудт?
Не 'взаг гæлдзгутæ зæгъæнтæ,
Кæд, мийййаг, æнцæ æвуд!

Сæ еу мин си уотæ зæгъуй:
«Иссæй не 'взаг уæлдай удргъ!» –
Нæ лæдæруй, ке нæ тæхуй
Æнæ базур сæргой маргъ.

Иннæ ба мин уотæ зæгъуй:
«Денгизмæ хауй Терк дæр» –
Денгиз Теркбæл куд æфтуйуй,
Уой ба не 'ргъæвуй æ сæр.

Минкъий æвзæгтæ фæуууæнтæ
Цæугæдæнттæ, зæгъдзинан,
Устур æвзæгтæ зæгъæнтæ,
Мах ба, зæгъгæ, денгиз ан.

Фал цалдæнгæ денгизтæ уа,
Уодзæнæй уæдмæ дæнттæ,
Не 'взæгтæн уæд ци киндæуа?
Адæми фæндон уæнтæ.

Мæн ба ку ниввæрай цирти,
Уарздзæнæн уæддæр не 'взаг,
Мæ цирtdзæвæнбæл – Хидирти –
Ниффинсетæ мæ мугтаг.

## УÆЛМÆРДТÆ

Лæууй гъæугæрони уæлмæрдтæ,
Не 'гъусуй си таус, сибиртт,
Ай-гъай, еу афони, ме 'мгæрттæ,
Се 'хсæн февзурдзæнæй мæ цирт.

Æма зæнхи буни æносмæ
Мæ хаурæ лæудзæнæй æнцад,
Фал мæ цирtdзæвæни уæлгъосмæ
Уæд кæми гъæудзæнæй къахнад?

Кæсай, рагон мæрдтæн сæ циртæ
Иссæнцæ зæнхи хæццæ 'млагъз,
Иссæнцæ 'ргъæ се стæг сæ фидтæ,
Нæ хъонц ба син неци 'й агъаз.

Мæрдтæй цалдæнгæ нæма исдæн,
Уæдмæ æгæсти нимайун,
'Ма сæ сагъæстæй низзæрдрист дæн,
Сæ хæццæ догъи дæр уайун.

'Ма мæ раст дзурдæй, мæ анхосæй
Еске ку йронх кæна æ маст,
Уæд гъе уой цийнæ, гъе уой бозæй
Мæхе нивгун хондзæн тухуаст.

Гъе уотæ алкæддæр мæ царди
Гъуддаг дзилли 'хсæн ку хæссон,
Уæд неци гъæудзæнæй мæ марди,
Дуйнейæй уæд мæ хай райстон.

Фал ци æнкъард æнцæ уæлмæрдтæ?
Æносмæ федуйуй си цард.
Цума дзорунцæ нæмæ мæрдтæ:
«Нур бал лæууетæ ни идард».

## МАДИ УАРЗТ

Хæфсæмæ дæр æ бæдолæ
Хори тунæ, дан, кæсуй,
Мадæмæ дæр æ хъæболæ, –
Цъифи дæр ин æй нивдолæ, –
Цидæр хори гъар хæссуй.

Сувæллонæй æй æ рони
Радав-бадав фæккæнуй.
Ку ин бахауй зин бони,
Уæд уой азарæй æмбони
Сах æ хурфи никкæуй.

Æ хъæболи исбаргъоммæ
Берæ æнзти фæббæллуй.
Ку ин рандæ уй изолмæ,
Уæд фенкъарддæр уй комкоммæ,
Æрхунæй ибæл мæлуй.

Æ хъæболæ царди тонхи
Ку рацæуй æд æгъдау,
Нæ фæуунцæ уæд иронхи
Æ зин бæнттæ царди тонхи
'Ма ходуй гъе уæд хорау.

Æ хъæболæ цардивæрди
Ку рæдуйа еудадзуг.
Тæхсгæ фудтæ, сæдæ марди
Æрфестæг уй уæд æ царди,
'Ма хуæруй æй цæстисуг.

Мади уарзтæн ци 'й æ цори
Е цъæх денгиз, е цъæх арв?
Ци 'й æ цори зæнхи къори,
Кæд æма молуй зинг хори,
Æ уарзтæй тавгæй, йе мах?



ДЗИУАТИ Батраз «Ирæзæ, лæгигъæдгунæй, ирæзæ!..»

## ФИНГÆ

Нæ дигорон тумбул фингæ
Хори цалхбæл адтæй карст.
Нæ кæнуй некæд идуйгæ,
Дзилли зæрдæбæл æй барст.

Нæуæг мæйау æ уæлгъосмæ,
Исесуй æхе синон.
Раковуй, цæмæй æносмæ
Хæссунгъон уæн кади ном.

Ниууорамуй æ мийнасæй
Йе 'ртæ къахебæл гъæугувд:
Бакæнуй, цид, цæстингасæй
Е 'уазгути хуæрзрæвдуд.

Æ берекет æнæдауæ
Некæмæн кæнуй æвгъау.
Зæгъун ибæл гагидауæ:
Макæд фесæфæд не 'гъдау!

***ЦЪЕУТИ Замæдин, финсæг: «Хидирти Ехйай царди над цъæх гаузтæбæл нæ рацудæй. Хæрд æма урдуг, галеу æма рахес – цæлхдорти хузæн æрлæууиуонцæ æ размæ... Уогæ нæдтæ берæ ’нцæ. Сæ еуети си финсæг хонуй йе ’знæгтæ, иннети ба***



ХИДИРТИ Ехйай номерæн литературон мадзал æ райгурæн гъæу Лескени.

# ЦАРДÆЙ АДÆМÆН ЦИРАГЪДАРÆЙ



**КОЛИТИ Витали,**
Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг

***Хидирти Ехйай поэтикон исфæлдистадæ бæрцæй берæ нæй, фал ин исаразун ци бантæстæй, етæ ба ’нцæ уæзгæ. Уæззау царди нæдтæбæл æй багъудæй рацæун, никки мæстаг ба адтæй æ ирисхъæ… Фал нин ци бунтæ ниууагъта, етæ ба нин абони дæр æнцæ нифсдæттæг, фæлтæрти размæ хонæг. Æ алли æмдзæвгæ дæр æй хецæн дуйне, хецæн нивæ, нæ си иссердзæнæ æнæрагъудигонд, æрдæгæууилд фæззелæнтæ.***

Куд адæймаг, уотæ Хидирти Ехйай туххæй хъæбæр æнцон дзорæн æй. Хуæрз хумæтæг адтæй царди медæгæ. Кæд Мæскуй паддзахадон университети тæккæ цитгиндæр хайæдтæй – философон факультет каст фæцæй æ рæстæги, кæд имæ бæрзонд интеллектуалон зонундзийнæдтæ æгæрон берæ адтæй, уæддæр æ реу некæд хуаста: æз уæхæн æма уæхæн уæлдæр ахурадон уагæдонæ каст фæдтæн, мæнмæ уойбæрцæ хуæрзеугутæ æма кадгин нæмттæ ес, зæгъгæ, кедæртау. Ести хуæрзеуæг, кенæ грамотæ райсуни оххайбæл, хецауади косæнуæтти дуæрттæ æ сиусартæбæл ка батонуй æма сæмæ лæбурдтитæ кæнун ка райдайуй, уæхæнæй дæр æй нæ фæсмардтон. Мадта ес-нæййесæй дæр ести хецауи бунат байахæссунмæ æ тæлæнтæ ка хæссуй, уæхæн бунатбæлмард лæгæй дæр æй нæ зудтон. Хецауи бунат цийфæндийæй дæр цæмæй байахæсса, уой туххæй еске реубæл дæр æ къæхтæй нифсæрунмæ цæттæ ка ’й, уæхæнттæй дæр æ царди медæги æ уодхæссæг уидта. Нуртæкки ба, гъулæггагæн, нæ разамонгутæн сæ фулдæр уотемæйти исхецаугæндтитæ унцæ.

## «ТÆХУНЦÆ ДЗУРДТÆ МЕД-ЗÆРДЕГÆ, ЕС СИН ХУЗÆ, ЕС СИН ИУОНГ...»

Нæ, Ехйа æндæр хузи тогæй æнтæст адтæй. Е æ сæрмæ хæсгæ дæр некæд æркодта æма, баруагæс уи уæд, æхецæн некæд нецихузи исаккаг кодтайдæ уæхæн куййæмгадæ миутæ кæнун, уомæн æма имæ алкæддæр бæрзонд бунати æвæрд адтæй адæймаг, уоди рæсогдзийнадæ æма поэти кæдзос ном. Еунæг хатт дæр некæд рахизтæй фæснадмæ æ равзурст надæй, некæд рацудæй гадзирахаттæй нæдæр æ Фидибæстæбæл, нæдæр æ маддæлон æвзагбæл, нæдæр ба ескæбæл дæр æма æхебæл дæр. Е дин æ сæйрагдæр менеугутæй еу. Уомæ гæсгæ байзадæй, æвæдзи, адæмæн уотæ уарзонæй сæ зæрдити.

Ехйа кæд дессаги æргомзæрдæ æма характет адæймаг адтæй, уæддæр æ меддуйне ба уоййасæбæл æнхæст адтæй уæхæн аллихузон, хуæрз менеугутæй æма уони раргом кæнунæн ба, æвæдзи, гъæуй æхе халдех ацъагъуæ. Уомæ гæсгæ ба мæ бон æй уотæ зæгъун, æма Ехйай туххæй зин финсæн æй, уæлдайдæр ба, ци исфæлдистадон бунтæ ниууагъта, уонæбæл. Ехйай æмдзæвгитæ фиццаг æркастæй куд æнцон кæсæн æнцæ, сæ медгъуди ба уотæ уæлæнгай лæдæрæн нæй. Æцæг поэзийæн æнæуинон æнцæ æма адтæнцæ сор, æнæ ести гъуди æма æнæ бундор рифмæбид дзубандитæ.

Литературæ устур дессаги искондадæ ’й. Ес си берæ фæггæнæнтæ, цæмæй автори ном æностæмæ игъустгондæй байзайа. Уотæ дæр рауайуй, æма еунæг роман, еунæг пьесæ, поэмæ, кенæ æмдзæвгæ хузæнон ниффинсæ æма дæ ном литератури байзайдзæнæй. Хатгай ба æррæстæ дууæ рæнгъи дæр фагæ фæуунцæ, цæмæй сæ ниффинсæги ном исæносон уа, уомæн. Хъæбæр ахид ба уотæ дæр рауайуй æма поэтæн æ уодæгасæй бантæсуй цалдæр киунуги рауадзун, фал си киунугæкæсæг ба æ зæрдæбæл бадаруй кæми еу æмдзæвгæ, кæми ба цалдæр рæнгъи, кæми ба æгириддæр неци.

Хидирти Ехйай уадзимистæбæл ба адæймаг æ цæстæ ку рахæссуй, уæд къæппæги бахауй, кæци си тухгиндæр æй, хуæздæрæн си ке равзарон, зæгъгæ, уомæн æма сæ еугур дæр æнцæ еци-еу бæрзонд æмвæзадæбæл нивæнст.

Хаттæй-хатт ба Ехйамæ еунæг дзурд æнæгъæнæ цардæгас нивæ исуй: «Къетелæг», «Фатæууилд». Къетелæгмæ ци маргъ бафтуйуй, уомæн æ цард цæйбæрцæбæл æнадæ исуй, уæлдайдæр ба арви цъæхи уæгъдебарæй тæхун ахур ка уа, уой уоди уавæр æнцон балæдæрæн æй еци еунæг дзурдæй дæр. Мадта, тугъди рæстæги нæ райгурæн зæнхæ ци устур зинтæ æма гъезæмæрттæ бавзурста, уобæл дзоргæй автор испайда кодта айдагъдæр еунæг рабарстæй – «фатæууилд» æма æ кæсæгæн, еци дзурд бакæсгæй, лæдæрд фæууй тугъди уæззау уавæр. Айдагъдæр еунæг дзурд, фал си цæйбæрцæбæл устур тухæ æма уæзæ ес!

Литератури иннæ жанртæй игъаугидæр, æмдзæвгæ хецæн кæнуй æ цубурдзийнадæй. Гъуди æхсти æрцæфи хузæн гъæуама уа цубур æма æлвæст, гъудифæткъуæрæнау раст æма нисанбæл æмбæлгæ, уотæ ку нæ уа, уæдта уадзимис рахезуй уотид дзæнгæдамæ, адæймаги зæрдæ æма цæститæ фæллайгæ кæмæй кæнунцæ, гъудитæбæл æй ка не ’фтауй, уод цæхæр кæмæй нæ фестуй, уæхæн æмдзæвгæ-прозæмæ.

## «НÆМА БАФИСТОН МЕ ’ХÆСТÆ. МÆ МАДÆ ’МА НÆ БÆСТÆН...»

Гъай-гъайдæр, Хидири-фуртæн æ устурдæр æнтæститæ ’нцæ æ эпикон уадзимистæ æма поэмитæ, фал уони æнвæрстæ æ цубур æмдзæвгити ахедундзийнадæ минæгдæр нæ кæнуй. Поэт æ исфæлдистадон цардвæндаги райдайæнæй æ фæстаг бонти уæнгæ дæр архайдта æхе хецæн, бæрæг ка дардтайдæ, уæхæн къахнад иссерунбæл æма еци зинвæндагбæл цæугæ дæр ракодта æнтæстгин æма арæхстгинæй.

Поэт æ царди сæйрагдæр ихæсбæл, æ нисанбæл нимайуй адæми ’хсæн кадæ-радæй фæццæрун:

*Æнгъудгæнгæй, хори цæстæ*
*Афонæбæл æз не ’сдæн*
*Нæма бафистон ме ’хæстæ*
*Мæ мадæ ’ма нæ бæстæн.*
*……………………………………*
*Ехх, ку уайдæ цардбæл тохи*
*Кадæ-радæй мæ адзал.*

Айдагъ «кадæ-радæй» фæццæрун дессаг нæбал кæсуй лирикон бæгъатæрмæ. Æцæгæй æ Фидибæстæ зæрдæй ка уарза, е æ багъæуай кæнуни сæрбæлтау мæлæтмæ дæр гъæуама цæттæ уа. Цард ци æй адæймагæн, цæмæн æй гъæуй, дæ Райгурæн бæстæ, дæ уарзон адæм, гъæубæстæ, дæ хеуонтæ кедæр къæхти буни æфсойни къæлæти буни ку гъæрзонцæ, уæд. Æцæг поэт уой æ сæрмæ некæд æрхæсдзæнæй, уомæ гæсгæ ба имæ мæлæт нивæ æрхауæгау кæсуй.

Цард æма адзал… Аци дууæ дзурди æносон царди кæрæдзебæл куд æнгон баст æнцæ, уотæ æнæфæххецæнгæнгæ нихмæвæрдæй дæр ахид æмбæлунцæ Хидири-фурти исфæлдистади дæр. Поэт уарзуй æ цард уалдзигон деденæгау, боз си æй, æ зæрдæ рохс æй, цийнæ кæнуй мудхæссæг биндзитæбæл дæр, фал еци еугур цийнæхæссæг дзæбæхдзийнæдтæ дæттæг мадæ-зæнхæ уой размæ цитæ бавзурста, еци тогæрхæн бæнттæ, æ сабийдоги имисуйнæгтæй æ зæрдæбæл ку ’рбалæуунцæ, уæдта еци цийнадæ æрбацидæр уй, фунæй æрбайсæфуй æма æ цæстити рази æристуй æ рагбонти зинуотæхсæн е ’цæгдзийнади хæццæ. Ехйа æма е ’мдогонтæ ци уæззау бæнттæ бавзурстонцæ, ци уайæнти рауæдтитæ кодтонцæ, уой æ зæрдæ е ’знаги бæдæлттæн дæр нæ зæгъуй:

*Минкъий уогæй тугъди бæнтти*
*Мæ рагъæй ласинæ сог;*
*Бæгъæнвадæй нæ тар гъæдти*
*Седзæрау уинæ æстонг.*
*Салд къотæрбæл тæхгæцъеутæ*
*Бадиуонцæ мæ уæлгъос.*
*Къахдзонæхтæбæл бицқеутæ*
*Гуриуонцæ мæ фалдзос.*
*Фæндæуидæ мæ сæ хæццæ*
*И бæрзонд къолтæй гурун.*
*Фал нæ уидæ мин уойбæрцæ*
*Евдæлон рæстæг æппун.*

**«Æрхæн»**

Уогæ тугъди рæстæги цард еугурей дæр еци æмхузон уавæрмæ ’ркодта. Æгуздзæгдзийнадæ син сæ къæхти бæгънæг къелтæмæ лæбурдта, беретæ ба си сæ марамæлай къæбæр бауелун æма ниннихъуæрунгъон дæр нæбал исиуонцæ, уотемæй æнæниннихъуæрдæй сæ хъури байзайидæ, сæ уод сæ фур æгудзæгæй есгæй.

Ехйай бийнонтæбæл цард е ’гудзæги сау пæлæз тугъдæй никки раздæр æрæмбарзта, раздæр сæмæ балæбурдта е ’нæхатир дзæмбутæй.

Еу адæймаги культи азарæй евгъуд æности 30-аг æнзти кæрони ци миллионгай адæмтæ бастъалдæй æвудæй, уони хæццæ адтæй нæ исонибони искурдиадæгин поэти фидæ Батæрбег дæр. Нæ адæмæн берæ хуæрзти рæстуодæй бæргæ бацудæй, фал уæддæр кедæрти фудцъухти азарæй нимад æрцудæй «адæми знагбæл». Догæ ба уæхæн æзмæнст æма æмæнтъери адтæй æма – «цо равзарæ – ка хæран, ка раст». Еугæр «адæми знагбæл» нимад æрцудтæ, уæд дæ хеуонтæ дæр – знаг, дæ зæнæг дæр æлгъист.

Ехйа æнхæст дзæбæх дæр нæ бафæсмардта æ фиди, нæ ин бавзурста æ дирзæг, куствæллад армитъæпæнти тавдзæ. Мади ба, цалдæр сабийей хæццæ æризайгæй, æ кæстæрæн «додо-бодотæ» кæнунмæ нæ евдалдæй. Цубурд дзурдæй, нæ исонибони поэт ирæзтæй рæвдудгъæуагæй. Фал уæддæр æ зæрдæ нæ ниддор æй, кæд цийфæнди берæ зинбæнттæ бавзурста æ царди, уæддæр адæммæ æ уарзтади рахастдзийнадæ нæ раййивта, еци цæрæццагæй байзадæй æ царди кæронмæ.

## «СЕДЗÆРГÆС ДИГОРОН ЗÆРДРИСТ УОСÆ, ЦИ ’ХСАРГИН ДÆ, УОГÆ ФУР ХУÆРЗТОГ...»

Ехйай бийнонтæ цитæ бавзурстонцæ еци рæстæгути, кутемæйти гъомбæл кодтонцæ, уой аййевадон хузи равдиста æнхæстæй æ автобиографион поэмæ «Мæ рохсаггаг ниййергутæ»-йи. Зæрдæ ниррессуй уæззау цæф фæууогау, мæнæ аци рæнгъитæ кæсгæй:

*Исфицидæ гахæн цъæх цивдзосæ,*
*Ци ’й и сог, ку ’взарай, цит, æстонг?*
*Седзæргæс дигорон зæрдрист уосæ,*
*Ци ’хсаргин дæ, уогæ фурхуæрзтог…*

*Ку нин фæууидæ ’мпъузт нæ дивилтæ,*
*Арти рохсмæ ’хснадта сæ гъе уæд.*
*Уазалæй салдайуонцæ æ билтæ,*
*Уотемæй ба рафснаидæ скъæт.*

**Зундгонд кинодраматург æма кинорежиссер Джусойти Геуæргий фурт Мурати райгурдбæл 18 сентябри æнхæст кæнуй фондз æма æртинсæй анзи (1959-2024).**

***нимайуй æ царди бундорбæл. Æригон адæймагæн раст надбæл æрлæуун гъа æма гъо-ийæй нæй. Фал Хидири-фурт æ изолдæр цард æнæвгъауæй æ уарзон адæми сæрбæлтау раттунмæ цæттæ 'й...»***



Æз Ехйай цардвæндаги хабæртти кой барæй нæ кæнун мæ финсти. Æ поэмæ ин райдайæнæй кæронмæ ка бакæса, е æй æхуæдæг балæдæрдзæнæй, царди ци гургъахъ нæдтæбæл рацудæй Хидири-фурт, уой.

Æхе æрмдзæф, æхе сæрмагонд бацуд æй хецæн кæнунцæ беретæй. Неке хæццæ ин ес фейййевдзигæнæн.

Адтæй ма Ехйамæ еума менеуæг дæр. Æмдзæвгæ цалинмæ «листæгæуулд» нæ бакæнидæ, уæдмæ 'й нихъуæргæ некæд кодта, гъома, газети æй рауадзунмæ некæд тагъд кодта. Хуарз ма гъуди кæнун, нæ еумæйаг æмбурдти æ алли гъуди, алли рæнгъи сæрбæл куд федар хуæцидæ, уомæн æма зудта, ци поэтикон тухæ æма имæ рæстдзийнадæ ес, уой.

## «'МА КУД БАЙЙЕВОН АБОНИ ÆНДÆР ÆВЗАГБÆЛ МЕ 'ВЗАГ...»

Ехйай тухгиндæр поэтикон æнтæститæй еу æй æ уадзевзи «Не 'взаг». Дигорон æвзагбæл литературæ уа æви нæ, уобæл рагæй цудæй буцæутæ, уæдта ма нуртæккæ дæр еуæй-еу «талингæ ахургæндтитæ», исфæлдистадæмæ æгириддæр ка неци барæ даруй, етæ исхуæцунцæ дигорон æвзаг нæ цардæй райеуварс кæнун, къæхти буни æй нинсæндунбæл. Уонæн Хидири-фурт ци тæрнихсæттæн нихкъуæрд равардта е 'мдзæвги, е абони дæр ма æй актуалон, поэтæн ба æ ном исиста никки бæрзонддæр æмвæзадæмæ. Еци «гоппойти къуарæн» дзуапп дæтгæй сæ Ехйа æргомæй фæрсуй:

*'Ма куд байййевон абони*
*Æндæр æвзагбæл ме 'взаг.*
*Мæ минкъий фуртæн æ коми*
*Куд æрлух кæнон е 'взаг.*

*Мæ нийййергутæн сæ циртмæ*
*Ке 'взагæй зæгъон рохсаг.*
*Куд син зæгъон сæ сигитмæ:*
*«Исхæран мин æй уе 'взаг».*

Гъулæггагæн, нуртæккæ не 'взагæртасæг ахургæндтæй еуетæ уотæ зæгъунцæ: «Ес æрмæстдæр, дигорон литературæ кæбæл ирæзуй, уæхæн æвзаг». Æма цума аййевадон литературон æвзаги ратæдзæн ба маддæлон æвзаги бундорбæл не 'нцойнæ кæнуй, æ ратæдзæн уордигæй нæй? Евгъуд æноси 50-70-аг æнзти нæ дигорон æвзаги сæрбæл тæккæ карздæрæй ка исхуæстæй, уонæй адтæнцæ: Малити Батраз, Кертанти Тæхир, Тобойти Цæрæг, Гетъоти Виктор æма Хидирти Ехйа æхуæдæг. Уони фæрци нæмæ ес абони цардæгас хуарз аййевадон литературæ, етæ Блашка, Геуæрги, Созур, Тазе æма Хъазбегти Хъазбеги фæсте адтæнцæ нæ нуриккон литератури авдæнауозгутæ. Уони фæсте ци фæлтæр фæззиндтæй, етæ ба сæ устур искурдиадæй нимбарзтонцæ не 'взаги нихмæдзоргути: Скъодтати Эльбрус, Къибирти Амурхан, Бабочити Руслан, Хохойти Энвер æма иннетæ. Уонæй еунæгей дæр нæ зонун æма æ рæстæги Хидири-фурт цæстуарзон агъаз кæмæн нæ бакодта, æ курухондзийнадæй кæмæн нæ бахай кодта.

Сæрмагонд дзубандий аккаг æй Ехйайæн æ граждайнаг цæстингас царди фæззелæнтæмæ. Автор дигорон æвзагбæл ке финста, уой ин кæд беретæ æ цæстæмæ дардтонцæ, æ нæдтæ ин лух кодтонцæ, уæддæр сæмæ некæми æма некæд кастæй хæрани цæстæй. Уомæн æвдесæн æ уадзевзитæ:

*Ес ин Мæскуйæй, Гурдзийæй*
*Æнхус кæнунмæ устур зеу.*
*Уобæл мæлæн нæ фурцийнæй*
*Иристон ке 'суодзæй еу.*

**«Фæндаг»**

Трансками над байгон кæнунæн уотид æ кой ма, æвæдзи, цудæй уæлдæрлæууæг хецауади къæбинетти, бæрæг дæр нæма адтæй, гъуддаг исирæздзæнæй æви нæ, е. Ехйа ба уæд ниффинста æ аци уадзевзи. Е дæр дзорæг æй, поэт цæйбæрцæбæл идардмæуинагæ адтæй, уобæл. Поэти гъудитæн арæнтæ некæд фæууй, арæнтæ гъæуама ма уа Иристони дууæ къабазей медастæу дæр.

*Иссæребарæ 'й Фæскавказ,*
*Не 'фхуæрд Хонсар Иристон!*
*Не 'ннæ Иристон Цæгатварс*
*Æй республикæ 'хсицгон.*

Нуртæккæ «тугъди сувæллæнттæ» ке хонунцæ, еци фæлтæрмæ хаудтæй Хидири-фурт дæр. Тугъд сæ æрæййафта сæ тæккæ ирæзуни рæстæг. Уомæ гæсгæ ба еци уæззау бонти хуæрз æстæнтæй уæлдай сабийдоги амондадæ неке бавзурста поэти æмдогонтæй. Æ къохмæ къæпе райсунгъон кадæриддæр адтæй, етæ сæ еугурдæр кустонцæ еумæйаг хæдзаради.

*Фал имæ никкудтæй синхон уосæ:*
*«Нæй дæ мадæ нæбал цæунгъон,*
*Дæу хезгæй, байзадæнцæ æносмæ*
*Æ цæститæ е 'сцохи игон…»*

*Цæветтонгæ 'ма йбæл топп февастæй,*
*Нецибал балæдæрдтæй уоййау.*
*Тугъди æ нифс нæ басастæй,*
*Фал нур ба ку бацæй, ку, мæрдау…*

**«Цæф салдат»**

Ехйа ци сорæттæ исаразуй, етæ 'нцæ цæстуингæ, комкоммæ цума бæлвурд адæймагмæ фæххаунцæ, уотæ. Æнæ уой ба уæхæн цæф, сахъат æфсæддонтæ еу æма дууæ тугъдæй исæздæхгæй, сæ нийййергути ку нæбал исæййафтонцæ. Еу æма дууæ седзæргæс мади нæ бахъæрæу æнцæ се 'дзард бæлццæнттæмæ иссæунмæ æнгъæлмæ кæсгæй. Беретæ... Хъæбæр беретæ!.. Фал æгæрон уæззаудзийнадæ аййевади фæрци бавдесуни ихæс æхемæ райсгæй, Ехйай бон ба бацæй







**ХИДИРТИ Ехйай ном лæвæрд æрцудæй æ райгурæн Лескени культури Хæдзарæн. Æ бацæуæни фарсбæл ба æвæрд æй къæйдорæй конд мемориалон фæйнæг.**

Нæ фæййеуварс кодта тугъд Хидирти бийнонтæбæл дæр. Сувæллон зæрдæбæлдарагæ 'й, зæгъгæ, фæззæгъунцæ. Æ зæрдæбæл хуарз бадардта Ехйа дæр сæ гъæуи цæргути фудæбæнттæ, æ фурт кенæ æ цардæмбал тугъди фæммард æй, зæгъгæ, хабар кæмæ исигъусидæ, еци седзæргæс уоститæ æма мадтæлти зæрдæскъунæн гъарæнгæ.

## «ТУГЪДИ НÆ БАСАСТÆЙ Æ НИФС, ФАЛ НУР БА КУ БАЦÆЙ, КУ МÆРДАУ...»

Гъæуи уæлмæрдти ревæд циртити нимæдзæ æнæуагæ берæ. Фæстæдæр Ехйа уой туххæй уотæ финста:

*Не 'нккæтей мадæ 'й нæ Зæнхæ,*
*Ирæзæн мах æ гъæбеси.*
*Тугъд ку 'рхæссуй нин фудæнхæ,*
*Æнкъусуй уæд зинтæ 'фсесæй.*
*Æ фуртти мæрдтæ æ рони*
*Æ сау сасугæй бамбæрзуй.*
*Ке фæммард æнцæ 'нагъомæй.*
*Тугъди цæфтæй, уомæй гъæрзуй.*

**«Нæ туруса сæребарæ»**

Зæрдæ æхе къолтæбæл ниххуайуй, уадзевзи «Цæф салдат» кæсгæй. Лæхъуæн хуæрзæригонæй рандæ 'й тугъдмæ, æ хæдзари ба æ мадæ æвæгæсæгæй байзадæй. Тугъдæн æ райдайæнæй ба æ фæуунмæ фæццудæй уой æнæнади нæдтæбæл. Нур цæфæй исæздахтæй æ райгурæн уæзæгмæ. Бæргæ имæ радогъ кодтонцæ синхбæстæ, хеунтæ, бæргæ сæ хъуритæ кæнуй, фал цæстингасæй ба агоруй, тугъди будури уогæй ин нифси цæгиндзæ ка адтæй, æ еци исхæссæг мади. Фал...

*Еунæгæй ниууагъта æй дзиназгæ*
*Æ фæсте, тугъдмæ цæугæй, неугæй.*
*Ма кæнæд ин нур ба нæфæразгæ,*
*Ку нæ уайуй сæ размæ кеугæй.*

еумæйаг сорæттæй хецæн фæлгонцтæ уотæ исаразун, æма сæ ка бакæса, уонæй, уæлдайдæр ба тугъдонтæй алкæмæн дæр æхе нийййерæг мадæ æ цæститæбæл рауайдзæнæй.

Ехйай граждайнаг лирики архайгутæ дæр æнцæ цæрæццаг: «Нæй æнадæ мæ зин цард», – зæгъуй автор. Зиндзийнæдтæ ба еу æма дууæ хатти не 'слæууидæ Ехйай размæ. Куд исфæлдистадон косæг, уотæ Ехйа поэти ном фæххаста кæдзосæй æма сæрбæрзондæй. Некæд исфæлхæттæй æ маддæлон æвзагбæл, æ цæрайæй цардæй, тох кодта еудадзугдæр æ кæдзосдзийнадæбæл.

Ехйа уодæй куд рæсогзæрдæ адтæй, уотæ кæдзос сауæдони хузæн æнцæ, уарзондзийнадæбæл æ финст уадзевзитæ дæр. Раст ку зæгъæн, уæд нимæдзæй уотæ берæ дæр нæ 'нцæ, фал æ фæсте ци цалдæр æмдзæвги байзадæй, етæ ба 'нцæ æцæг лирикон æнтæстдзийнадæ. Уарзтбæл ку рацæуй дзубанди, уæд адæймаги зæрдæ цидæр æнахур рохс ниууй, фæййирддæр уй æ алфамбулай æрдзæ дæр. Адæймаг уæди уæнгæ æстæфгæ дæр ке некæд кодта, сауæнгæ ма имæ етæ дæр тæмæнкалæг фæрдгутæй зиннун райдайунцæ. Поэти лирикон бæгъатæр æй хуæдæфсæрмæ, хебæлхуæцгæ, æ бон нæй фидтæлтиккон æгъдауи сæрти рахезун, уомæ гæсгæ ба айдагъ кизгæн нæ, фал ма сауæнгæ æхецæн дæр е 'нкъарæнтæ исæргом кæнунæй дæр тæрсгæ кæнуй. Æ уæздандзийнадæ 'й нæ уадзуй æ монцти сæрти рахезун. Уобæл æй поэти гъенцъун, æ катай.

*Мæ зæрдæ ма æй уацари,*
*Дудзи хорау æй ме 'рхун.*
*Фал ку не 'фтуйуй мæ арми*
*Мæ зæрди 'нæфт исзæгъун.*
*………………………………...*

*Æй мæ зæрдæ хоргун сæрдæ,*
*Нæ си нирхотуг æй уарзт.*
*Æхуæдæг æрмæст мæ зæрдæ*
*Басугъдæй уарзтæй тухуаст.*

Уарзон кизги цæнгтæ поэтмæ кæсунцæ донæхсинцъи тасæг къалеутау. Арæхсуй, берæ ке уарзуй, æ зæрдæ кæмæ æхсайуй, уой сорæт æрдзи алæмæттаг рæсугъддзийнæдти хæццæ исбæттун.

## «УОСГОРАУ ÆЗ БА БИЛГОНИ СÆ ФÆУУИНДМÆ ФÆТТАЙУН...»

Уотæ цардæгас æнцæ Ехйай исфæлдистади æрдзæн æхе нивтæ дæр. Уод бауадзуй æррæстæ цæнддори, æрдзæ æма уарзт кæми исæмидолæ унцæ, уоми дуйне дзæгæрæг фестуй. Ехйайæн æ медесгундæр æмдзæвгитæй еу æй «Донгони».

*Махмæ кизгæн, дан, донгони*
*Ходуйнаг æй æртайун.*
*Уосгорау æз ба билгони*
*Сæ фæууиндмæ фæттайун.*
*……………………………………...*
*Нæ донгон син æ гъæбеси*
*Ходуйнагæй нæ тæрсуй.*
*Сæхе 'вдолгæй, гъар æзменси,*
*Сæ цæнгтæй хор кæсуй.*

*Ци 'хцæуæн син æй дони 'мбæлдæ!*
*Фур цийнæй сæ къуар мæлуй.*
*Сæ ниххудти сæ гури 'змæлд*
*Мæ зæрдæбæл æмбæлуй.*

*Æгъзалуй син цæстисугтæ*
*Донæхсинцъæ ба цума.*
*Нæ донгонæн, о кизгуттæ,*
*Басæттетæ æ къума.*

Хуарз ма гъуди кæнун, дигорон финсгутæн Дигорай районы газети редакций азгъунсти кæддæр ци æмбурд адтæй, уоми архайгутæй кадæртæ аци æмдзæвги нихмæ куд дзурдтонцæ, уой. Сауæнгæ ма 'й мухурæн аккаг дæр нæ кодтонцæ, æгæр æргомæй, дан, си дзубанди цæуй бæгънæг кизгутти туххæй. Сауæнгæ ма ин редакций косгутæй кадæр ба ма уайдзæф дæр бакодта: «Донгони æртайæг кизгуттæмæ сосæггай кæсунæй æндæр дин кустаг неци адтæй?..» Уæхæн уайдзæфти фæдбæл ци загъдæуа? Догæ уæхæн адтæй. Куд ма гъуди кæнун, уотемæй æй ниммухур кæнунæн аккагбæл дæр нæ банимадтонцæ. Æз ба 'й нимайун Ехйайæн æ устурдæр æнтæститæй еуебæл.

## ЗÆРДÆЙ НИВВАРДТОН СИ МÆ УОД – АДÆМÆН ÆЙ КÆНУН НИВОНД...»

Хидирти Ехйа ма æй цалдæр поэми æма радзурдти автор дæр: «Æвеллон цау», «Мæ рохсаггаг нийййергутæ» æма æндæрти. Уони 'хсæн сæрмагонд бунат ахæссуй æ кадæнгæ «Есе». Кадæнги сюжет æнцойнæ кæнуй адæмон таурæхъти бундорбæл. Нæуæг нæй æ темæ, фал имæ автор уойбæрцæ фæззелæнтæ бахаста æма 'й нимайун æнгъезуй æ оригиналон уадзимисбæл. Оригиналон-автобиографион темæбæл финст æй, мæнæ раздæр ке кой искодтон, æ еци поэмæ «Мæ рохсаггаг нийййергутæ» дæр. Аци уадзимис ка бакæса, уой Ехйай бийнонти, уæдта æхе биографи агорун нæбал багъæудзæнæй, уотæ листæг æрлæудтæй æ фæлхæни ирисхъæбæл, сæ берæ мæгурбæнттæбæл.

…Ехйа æхуæдæг нæбал æй, фал ма не 'хсæн ба цæрунцæ, уомæн æ рохс ном не 'носи имисуйнаг кæмæй æй, æ поэтикон цард ба ин даргъдæр ка кæнуй, æ еци рæнгъитæ. Е 'мдзæвгитæй еуеми æхуæдæг ку финста:

Æй уомæ гæсгæ ба мæ зар
Кæми хор бон, кæми мæйдар –
зæрдæй ниввардтон си мæ уод –
Адæмæн æй кæнун нивонд…

**Дæс æма æртинсæй анзей размæ (1954 анзи 30-31 августи) арæзт æрцудæй Цæгат Иристони финсгути фиццаг съезд. Архайдтонцæ ма си Мæскуй, Хонсар Иристони облæсти, Украини, синхаг цæгаткавказаг республикити минæвæрттæ дæр.**

☺ *Два года дед на своем картофельном участке опрыскивал ГМО – химикатами колорадского жука. На третий год жук уже сам стал помогать деду окучивать картошку.*

☺ *Жена очень удивилась, когда ее муж на рыбалку почему-то ушел без удочки, а потому и стала подозревать, что у него есть вторая удочка.*

☺ *Многим людям в ответ на просьбу трудно сказать «нет». И этим частенько пользуются в ЗАГСе.*

**ХÆЛАРЗÆРДÆЙ НИ ХУАРЗÆЙ, РÆСТМÆЙАГÆЙ КА ЦÆМÆ БÆЛЛУЙ, ЕТÆ НИ АЛКЕ КЪОХИ ДÆР БАФТУЙÆНТÆ!..**



# ЦÆРУНÆН ЦÆРУНИ РАВГИТÆ ЕРУНГЪОН КУ УАЙ…

Нæ газети абони номери æрмæгутæн сæ фулдæр не 'дзард искурдиадæгин поэт Хидирти Ехйай туххæй ке 'нцæ, уомæ гæсгæ ма ин нæ еудадзугон æрфарсти нæуæг фарстатæмæ гæсгæ æримисæн е 'мдзæвгитæй еуей мæнæ аци рæнгъитæ:

Куд нæ уа сагъæссаг
Цард, райдайæнæй кæронмæ?
Зин ерæн æй цардвæндаг,
Ку нæ 'ймæ кæсай изолмæ…

Æма, æцæгæйдæр, цардвæндаг зæрдæмæдзæугæ æнай-æнойти нæ исуй адæймагæн. Цæмæй уотæ уа, уомæн ба ибæл æновудæй архайун гъæуй. Æма уомæн ба цæйбæрцæбæл ацъагъуæгин айтæ, уомæн ба уин, кæдимайди, фæййагъаз уиуонцæ мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ дæр.

**1.** Ести хецæндзийнæдтæ æстæфис мæнæ ауæхæн дзурдти: «гъæлæсиуагæ» æма «загъдихатт»?

**2.** Дæ бон æй, удагъай дин ка уа, æрхæндæг кæми кæнай, уæхæн фатери цæрун æма уой не 'стæфгæй?

**3.** Хузæ кæнун уарзис?

**4.** Рæстæгутæмæ гæсгæ цæстиварди ка й, уой æви дæхецæн зæрдæмæдзæугæдæр ка 'й, уæхæн дарæс фæддарис?

**5.** Æнæгъæнæ дуйней ке кой кæнунцæ, еци нæмттæ – Мане, Ван Дейк, Хосе де Рибера, Фальконе – ести зонгæ 'нцæ?

**6.** Дæ къохфинст æведауцæ 'й?

**7.** Еци-еу еунæг хузгин дарæс дарунмæ тулаваст дæ?

**8.** Уарзис музейтæмæ цæун?

**9.** Æрдæгнадбæл æрлæууис хорнигулдмæ монцтæ – каст кæнуни туххæй?

**10.** Уарзис геометрион ханхæ нивтæ кæнун?

**11.** Аййевадон салонтæ ахид бабæрæг кæнис?

**12.** Тулаваст дæ гъæунгти уотид рацо-бацо кæнунмæ?

**13.** Уарзис еунæгдзийнадæ?

**14.** Æнæзунд миуæбæл нимайис, кадæр æнай-æнойти æмдзæвгитæ кæсун ку байдайуй, уæд уой?

**15.** Музыкæмæ фегъосис айдагъдæр хе ерхæфсунæн?

**16.** Дæ зæрдæбæл берæ рæстæгути фæддарис, ци æрдзон хузтæ фæууинис, уони?

**17.** Хъæбæр рæсугъд дæмæ кæсунцæ денгизон дортæ?

**18.** Зæрдæхцæуæн дин фæуунцæ нæуæг фембæлдтитæ æма зонгæдзийнæдтæ?

**19.** Уарзис æмдзæвгитæ гъæрæй кæсун?

20. Дæ уати фæрстæбæл хузтæй исфæлгонц кæнуни фæндæ дæмæ некæд фæззиндтæй?

**21.** Дæ сæри фаст ахид фæррайевæ-баййевæ кæнис?

**22.** Уæхемæ хæдзари дзаумæутти æвæрд раййевæ-баййевæ ахид фæккæнис?

**23.** Ескæд æвзурстай зартæ финсун?

**24.** Æмдзæвгитæ ба финсис?

* * *

**Нур ба хатдзæгтæ искæнæн фарстатæн циуавæр дзуæппитæ равардтайтæ, уомæ гæсгæ.**

**а.** Ранимад фарстати еу хайбæл – №№ 1, 3, 4, 5, 7, 8, 9, 11, 12, 13, 16, 17, 19, 20, 21, 22, 23, 24 – дæ дзуапп кæд «гъо» æй, уæд си алке туххæй дæхецæн еу очко ниффинсæ.

**б.** Кæд æма фарстати иннæ хайбæл – №№ 2, 6, 10, 14, 15, 18 – дæ дзуапп кæд «нæ» æй, уæддæр си алке туххæй дæр дæхецæн ниффинсæ еу очко.

Æма уотемæй кæд **16 очкой** æрæмбурд кодтай, уæд æнæсеккагæй бæлвурд æй: ес дæмæ рæсугъддзийнади кемæн, удигъæдæй дæ исфæлдистадон адæймаг.

Кæд æрæмбурд кодтай **8-16 очкой**, уæд е ба уой æвдесæн æй, æма кæд хаттæй-хатт дæ бæлдитæ уæларвон фæуунцæ, фал дин уотемæй ба рæсугъддзийнадæ æцæгæлон кæд нæй, уæддæр фулдæр ба алцæмæн дæр пайдадзийнади цæстингасæй кæсис. Еу загъдæй, алкæддæр равгитæй пайда кæнис, хуарздзийнадæ æма æхцæуæндзийнадæ æмбæрцæй еу кæнгæй.

Æдеугурæй цуппар очкой æрæмбурд кодтай? Æвæдзи, некæд дæ бафтаудзæнæй деси нæдæр хорискасти, нæдæр ба хорнигулди рæсугъддзийнадæ. Махмæ гæсгæ, уоми ба хуарзæй неци ес. Расагъæс ибæл кæнæ!..

**НА ЗДОРОВЬЕ!..**

# И ВКУСНО, И ПОЛЕЗНО

***Если вы считаете, что в качестве идеального завтрака подходят, скажем, йогурт, кофе и свежевыжатый апельсиновый сок, то врачи как раз советуют не употреблять их утром натощак. Кофе и цитрусовые могут вызвать изжогу. Кисломолочные продукты тоже не принесут пользы, потому что соляная кислота в пустом желудке убивает все молочнокислые бактерии. А с каких же продуктов все-таки следует начинать день, чтобы было и полезно, и вкусно? Вот что советуют гастроэнтерологи-диетологи.***

- **ОВСЯНАЯ КАША**

Обволакивает слизистую желудка, защищая его от действия соляной кислоты, а еще содержит клетчатку, которая снижает уровень холестерина.

- **ГРЕЧНЕВАЯ КАША**

Мягко стимулирует работу пищеварительной системы, служит источником белка, железа и витаминов.

- **ПРОРОЩЕННАЯ ПШЕНИЦА**

Две-три столовые ложки пшеницы составляют около 15% суточной нормы витамина Е и 10% суточной дозы фолиевой кислоты.

- **ЯЙЦА**

Исследования показали, что яйца на завтрак – отличный способ снизить потребление калорий в течение дня.

- **ЧЕРНИКА**

Горсть черники по утрам улучшить память, кровяное давление и нормализует обмен веществ.

- **ОРЕХИ**

Улучшают работу пищеварительной системы, и нормализуют кислотность желудочного сока.

- **МЕД**

По утрам мед помогает разбудить организм и обеспечить его энергией на день. А еще он улучшает работу мозга и повышает уровень серотонина – гормона радости.

**РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..**



Абони мухур кæнæн Гурджибети Блашкай, Малити Геуæргий, Багъæрати Созури, Тетцойти Таймуразi, Амилахуанти Ильяй, Гибизти Оскари финст æмдзæвгитæй хецæн хæйттæ. Базонайтæ, кæци си ке æмдзæвгæй ист æй, уой.

1. Æрæгйау мæ рæдуд
бæргæ базудтон.
Уæйугау æнæзунд
цæмæн адтæн?
Цæбæл адтæй мæ куд,
ци уин агурдтон?
Цæмæн адтæн агъуд,
кумæ уадтæн?

* * *

2. Нæ дзæхæрай рæзбæлæсти
Фæлмæн думгæ бауозуй.
Сосæггай син е сæ гъости
Ка 'й зонуй ма ци дзоруй?

Базмæлунцæ цъæх сифтæртæ,
Исигъусуй сæ сæр-сæр.
Æвæццæгæн, сæ мед-зæрдæ
Ниддес унцæ цæбæлдæр.

* * *

3. Цæгъдæ, цæгъдæ, мæ фæндур,
Дæ хатæнти нæуæг гъæр!
Æз дæ кæнун мæ уæлхъур
Царди мæтæй хъæбæрдæр.

Æй усмæ нæ бæрагæ, -
Дзурди гæпп ни йигурæд…
Цæй, зарæн хебарагæ,
Йигъаугийæй хуæрзбæрæг!

* * *

4. Ка загъта мин, æрмæстдæр тугъди
Лæгдзийнади сæр гъæуй?
Сабур цард ба æ хуæздæр скъухти
Æнæ уой цума цæуй?

Лæгдзийнадæ царди байрæзти
Гъæуй алкæд, куд хуæрзаг
Арф уедагæ – толдзи къабæзти,
Куд уйнаг хуари мугтаг.

* * *

5. Адтæй рæсугъд догæ
Мæнæн мæ уалдзæг, -
Хизтон æз мæ дзогæ
Уæл-фахс игъæлдзæг.

Дзингатæ зилдæнцæ
Мæ сæргъи æд гъæр,
Худтонцæ сæ хæццæ
Гъазунмæ мæн дæр

* * *

6. Мæ финст мин аргъауис…
Ци кодтай?!
Ресгæ кæнуй?!
Зин æй?!
Е дин æз
Мæ æмдзæвги бугъзур æнгулдзæй
Дæ зæрди æнæрист
Гæмæх сæрæн
Къалцатæ кæнун
Сосæггай.

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 31-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

1. Япони. 2. Тифлис. 3. Америки Еугонд Штаттæ. 4. Виктор Чукарин. 5. Инсæй минутти. 6. Накæгæнæнтæ. Уогæ ма, уавæртæмæ гæсгæ, пайда кæнунцæ сæ бауæри иннæ хæйттæй дæр.

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1984**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 13.09.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 13.09.2024.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рвæтæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.